

Alkitab kanggo murangkalih Nyanggakeun

Yakub
Tukang Nipu



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
M. Maillot, Lazarus
Alastair Paterson

Disaluyukeun ku: M. Kerr, Sarah S.

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2023 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.







Kantos Gusti ngirim orok
ka kulawargi anjeun?
Bungah kacida! Isak sarta
Ribka tangtos bagja
dua kali lipet. Gusti
teh bade masihan
maranehanana
putra kembar.



Orok-orok teh motah di jero kandungan Rabeka. Waktos anjeunna ngadoa, Gusti nyarios yén dua putrana bakal mingpin dua bangsa - sareng anu bungsu bakal langkung ageung. Biasana mah anu cikal nu leuwih gede. Ahirna orok-orok lahir.




Si kembar teh teu sarua rupina. Ésau,
budak nu pangkolotna, buluan pisan, nepi
ka jadi ahli moro. Yakub kulitna mulus
tur resep digawé di sabudeureun imah.
Bapa Isak nyaah pisan ka Esau.
Indungna mah resepna ka Yakub.



Hiji poé, Esau lapar. "Pasihan atuh abdi tuangeun," saurna ka Yakub. "Jual heula hak cikal anjeun ka abdi," saur Yakub. Esau teu paduli kana jangji Gusti ngeunaan putra cikalna.

Anjeunna ngadamel perjanjian sareng Yakub. Ayeuna Yakub bakal mingpin kulawarga nalika bapana maot.



Gusti nyarios ka Isak dina hiji wengi. "Kami teh Allah bapana Ibrahim. Kami nyarengan ka maneh. Kami baris ngaberkahan ka turunan maneh." Sanajan Isak nyembah ka Gusti, Esau putrana nikah dua pamajikan urang Het, jalma-jalma nu teu paduli ka Gusti.





Isak beuki kolot. "Pang candakkeun daging anu seger," saurna ka Esau. "Lajeng bapa bakal ngaberkahan maneh." Berkah husus ieu diwariskeun ti bapa ka putra cikal. Ésau buru-buru moro. Tapi Rabekah geus ngadéngé. Manéhna hayang Yakub anu diberkahan.






Rabéka boga rencana.
Bari gancang masak
kadaharan anu
dipikaresep ku Isak,
Yakub nganggo anggoan
Esau, teras nempelkeun
kulit sato buluan kana
leungeun jeung
beuheungna. Isak téh
teu ningali. Meureun
maranéhna tiasa
ngakalan anjeunna.



Yakub mawa kadaharan ka Isak. "Maneh teh siga Yakub," saur Isak, "Ngan leungeunna mah siga Esau." Saparantos tuang, Isak ngaberkahan ka putrana anu keur sujud di payuneunana.




Waktos Yakub indit, Esau nyampeurkeun Isak.
"Ieu tuangeun anjeun," saurna. Isak terangeun
yen anjeunna parantos ditipu.


"Kuring teu bisa
ngarobah berkah,"
saur Isak bari rada
ngagorowok. Haté
Esau pinuh kukabenci.
Manehna mutuskeun
arek ngabunuh Yakub.




Rabeka ngadangu ancaman Esau. "Pindah we ka bumina mamang," saurna ka Yakub, "nepi ka lanceukna hilap kana naon anu anjeun lampahkeun." Isak satuju yen Yakub kudu neangan pamajikan ti kulawarga indungna. Janten Yakub kaluar ti imah.



Peuting éta,
Yakub saré di tengah
jalan make batu kanggo
bantalna. Panginten
anjeunna nyalira,
panginten sieun.
Tapi anjeunna
henteu nyalira.
Gusti nyarios ka
anjeunna dina
hiji mimpi.






"KAMI ALLAH BAPA
ANJEUN, ABRAHAM
JEUNG ISAK. KAMI
NYARENGAN ANJEUN.

KAMI BARIS MASIHAN ANJEUN LAHAN
IEU. KU KULAWARGA ANJEUN SAKABEH
KULAWARGA DI BUMI BAKAL

DIBERKAHAN." Sanggeus Gusti ngandika,
Yakub hudang. Anjeunna ngarasa sieun.





Laban, mamangna Yakub,
narimakeun anjeunna.
Yakub mikanyaah Rahel
dulurna sarta ngawula ka
Laban tujuh taun sangkan
bisa kawin.



Tapi, dina
peuting kawinan,
Laban nipu Yakub.



"Ieu mah Lea, sanes Rahel," saur Yakub. "Anjeun tos nipu ka kuring." "Putri cikal kedah nikah tiheula," saur Laban. "Ayeuna kawin sareng Rahel tuluy ngawula ka abdi tujuh taun deui." Yakub satuju. Meureun manéhna ge emut kana tipu daya sorangan ngalawan Isak jeung Esau.




Yakub kagungan sabelas putra.
Salila sababaraha taun,
anjeunna ngarep-ngarep pikeun
mawa kulawargana deui ka
Kanaan. Kolotna aya di dinya.
Tapi kitu ogé Esau aya di dinya,
anu geus sumpah pikeun maéhan
manéhna. Éta teh aman teu?




Hiji poé Allah nitah
manéhna datang deui.
Yakub ngumpulkeun kulawarga
jeung ingon-ingonna pikeun
balik ka imahna.



Éta teh mangrupikeun
perjalanan anu luar biasa.
Esau sumping nepungan
Yakub sareng opat ratus
urang! Tapi anjeunna
henteu nganyenyeri Yakub.



Manehna lumpat nepungan
Yakub jeung nangkeup
pageuh. Yakub jeung Esau
jadi akur deui, sarta
Yakub geus balik ka
imah kalawan salamet.



Yakub Tukang Nipu


Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Kajadian 25 - 33

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu
masihan Caang." Psalm 119:130





Rengse



6



60



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

